

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA KAPING PITU - GKJ AMBARRUKMA

18 JUNI 2023

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB
Pepanthen Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis ijem, Stola : Logo Prau+Pelangi+Peksi Dara)

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet satunggal lilin pethak ibadah.

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori

2. **Liturgos** :

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yésus Kristus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, sugeng énjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Wolulas Juni Kalih Èwu Tiga Likur** (18 Juni 2023). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedhèrèk, tuwin laré-laré sadaya. Bapak Ibu saged ngaturaken jawat asta utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Pangibadah wekdal punika ugi dipun giyaraken lumantar **live streaming Youtube GKJ Ambarrukma**, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi pangibadah tumrap Bapak, Ibu, lan Sadhèrèk ingkang wonten dalemipun piyambak-piyambak utawi wonten pundi-pundi papan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun unduhu mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan kinasih, pisungsung saged kaaturaken ing kanthong ing satengahing pangibadah. Wondéné pisungsung mirungan saged dipun lebetaken ing salah satunggaling kanthong, utawi ing kothak.

Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan **“Tangguh Nglampahi Timbalan lan Pangutusan,”** ingkang badhé kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita

Sumangga kita murwakani pangibadah kanthi ngrepékaken **Kidung Pasamuwan Kristen Gangsal, Pada Setunggal lan Kalih (KPK 5 : 1, 2), “Pamuji Konjuk Gusti”** pasamuwan kasuwun jumeneng

- (1) Pinuji puji Gusti kang nitahken jagad raya
 Nggih siyang dalah ratri
 tansah lubèr sih rahmatnya,
 Donya gingsir wah sirna,
 sihnya langgeng slaminya.
- (2) Pinuji puji Gusti nggih Allah kang Mahamirah,
 pra umat kang ngabekti
 tinuwukken klayan berkah,
 salir ingkang pinanggya
 dados margining begja.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: *(Pasamuwan Jumeneng)*

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu menika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwalh ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwalh Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
A min, A min, A min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Kitab Pangentasan 20 : 1–17

- Lektor : **“Mekaten sabdanipun Gusti”** *(Pasamuwan Lenggah)*
- Pasamuwan : **“Puji sokur konjuk Gusti”**

5. Liturgos : “Bapak, Ibu, saha para Sadhèrèk ing patunggilanipun Gusti. Gusti Allah kita tansah mboten négakaken umatipun. Katitik rikala bangsa Israèl sami ngelak kaparingan toya kadosdéné kacariyos bangsa Israèl ing Meriba. Awit kita nggadahi Gusti Yésus, Sang Pamarta kita, ingkang satuhu ing kasetyan. Sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti Yésus ingkang dados Pamarta kita, kanthi ngrepékaken **Kidung Pasamuwan Kristen Tiga Welas, Pada Setunggal lan Kalih, (KPK 13 : 1, 2), “Aku Duwé Pamarta”**

- (1) Aku duwé Pamarta Yésus Kristus asmanya
 kang wus ngurbanken sarira ngruwat aku sing dosa,
Refr:
 duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku dak puji trusing kalbu.
- (2) Aku duwe Pamarta satuhu ing kasetyan,
 yen aku nyangga panandhang pinaringan karosan.....Refr:

6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Yokanan 15 : 13–17

7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan ingkang satuhu dipun tresnani Gusti, Gusti paring pepakèn supados kita asung tresna tinresnan. Ananging kita dèrèng saged mundhi dhawuhipun menika.

Pramila sumangga kita sami nyawisaken manah, sowan ing Ngarsanipun Gusti, ngakeni saha nelangsani sedaya karingkihan kita ing pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi rerepening **Kidung Pasamuwan Kristen Kawan Dasa Kalih, Pada Setunggal Ian Kalih (KPK 42 : 1, 2), “Pamratobat Sing Dosa”**

- | | |
|--|--|
| (1) Dhuh Allah, Rama, nglubèrna sih mirma,
kawula nglenggana gunging dosa kula,
Gusti Ma kwasa, nyuwun apura,
temah gesang nyata. | (2) Dhuh Yésus, Gusti, karsaa melasi,
kula sestu tobat ngorong mring sih rahmat,
Yésus, Pamarta, nucèkna ati
'mrih kula basuki. |
|--|--|

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sadhèrèk kinasih, sumangga kita lumebet ing suasana pamratobat. Kita ndedonga:

“Gusti Allah ing Sang Kristus Yésus sesembahan kawula, kawula sujud ing Ngarsa Paduka kanthi panelangsa. Dhuh Rama, nyuwun Paduka nglubèri sih mirma tumrap gesang kawula ing panandhang dosa menika. Paduka Gusti ingkang karsa paring piwelas dhumateng kawula. Kawula ngorong ing sih-rahmat Paduka. Paduka Gusti nucèkaken manah kawula ingkang kamomotan dosa menika. Paduka Gusti ingkang paring pangluwaran. Satemah, kawula sami saged nglajengaken gesang menika ing pepadhang saking Paduka. Pandonga pamratobat kawula punika kawula aturaken wonten Ngarsa Dalem Sang Kristus Gusti, Juruning Wilujeng lan Petangèn ingkang sejatos. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : 2 Timotius 1 : 9

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : 2 Petrus 1 : 10

10. Liturgos : “Pasamuwan umatipun Gusti Yésus Kristus, sumangga kita sami tansah mbudidaya supados tansaya kukuh anggèn kita sami katimbalan lan pinilih. Awit menawi nyamektakaken mekaten, kita badhé tansah mboten naté kasandhung. Sumangga, kita tansah ngugemi dhawuhipun Gusti, nglajengaken gesang kanthi tangguh ing timbalan lan pangutusanipun Gusti, kanthi pepujèn kesanggeman kita **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Sekawan, Pada Setunggal Ian Kalih (KPK 104 : 1, 2), “Kraharjaning Tumitah”..... Pasamuwan kula aturi jumeneng**

(1) Saiba dènnya mbingahken
yèn ing sajagad wrata
kaadilan kang sanyata
sayekti binabarna.

Refr:
srana sih katresnan tulus,
lah jagad dados Pirdus
sagung tumitah raharja
rinoban sih rahmatnya.

(2) Saiba denya nengsemken yèn manungsa sabumi,
marsudi tentrem rahajeng numrahken sihing Gusti,.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti *(Pasamuwan Lenggah)*

- a) Pandhita : Pandonga Epiklese
b) Pandhita : maosaken Mateus 9 : 35 – 10 : 1–8
c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale- luya Hale-luya Hale - lu - ya

d) Irah-irahan: “Tangguh Nglampahi Timbalan lan Pangutusan”

e) Ancas : Pasamuwan nyuraosi bilih pasamuwan kedah sami tangguh nglampahi tinimbalan lan pangutusan ing sak dengah kawontenan.

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan kagunganipun Gusti, “Minangka panuwun sokur awit katresnanipun Gusti, sumangga kita ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirungan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal menika kapethik saking Kitab **2 Korinta Bab Sanga Ayat Pitu (2 Korinta 9 : 7)** ingkang mekaten suraosipun: “**Saben wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atinè, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila.**”

Sumangga kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Sèket Pitu, Pada Setunggal lan sacekapipun, (KPJ 157 : 1 -), “Caosna Pisungsungmu”**

- | | |
|---|---|
| (1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi suka rena. | <u>Refr:</u>
Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah. |
| (2) Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan
sarana samubarang saisining bumi,
jer sih-rahmating Gusti tansah binabar..... <u>Refr:</u> | |
| (3) Pisungsung kagem Gusti dadiya sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring..... <u>Refr:</u> | |

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesareangan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotakan dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah menika kanthi renaning manah lan kebak ing katentreman lan karaharjan tansah manunggal ing karesnanipun Gusti. Sumangga kita sami tansah njagi kasarasan kita piyambak-piyambak.

Pangibadah kita pungkasi kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Kawan Atus Pitulas, Pada Setunggal lan Tiga (KPJ 417 : 1, 3)**, “Sauruting Laku”

- | | |
|---|---|
| (1) Sauruting laku kang dakalami,
Gusti tansah tindak ngrumiyini.
Mula kang dadi osik ing atiku,
"Gustiku sèstu setya tuhu!" | <u>Refr:</u>
Salakuku Gusti datan négakken,
klayan setya dènira angreksa.
Ing wusanane, Gusti marengaken
aku ndhèrèk ing kamulyan swarga. |
| (3) Aku pracaya mring pangrèhé Gusti, awit gesang langgeng ing astané.
Gustiku kang ngasta soroging swargi wah nuntun aku mring kratoné..... | <u>Refr:</u> |

17. **Liturgos** : “Sugeng dinten Minggu lan kita sami tansah binerkahan ing Sang Kristus Gusti. Amin.”